

...pou préparer ou pou travay liwo kofij...  
...pran devwa kou li diffisil nan lekol prime, lekol  
...pre-segondé ak lekol segondé nan lang Anglje,  
...mazematalik, syans, syans sosyal, lang biza.  
...chêche matyé ou bon ladan yo ask matyé ou ta ka  
...bezwen éd.  
...apram kijan pou etidyé, pran tés, epi fe poujé yo non  
...fason effikas.

The You Plan

APBann nan men konseyye pedagogjik lekol segondié ou fason  
puu reponn kesyon sa yo epitou fe recherche sou sitweb gratis  
sa jø:  
collegecost.ed.gov/scorecard  
nces.ed.gov/colllegenavigator/  
costoflearning.com  
Collegeboard.com  
Fastweb.com  
Scholarships.com  
usnews.com/rankings

Poutet sa gen kanmemm yon bon kolej pou ou nan peyi a.

The City University of New York (CUNY) gen 24 kanpnis unan Vil New York City awék 11 kólef ki geni klas téminai (4 ané), 7 kólef komunité, Graduate Center, Lekol Ki Bay diploma journals, Lekol Sante Piblik, Lekol Dwa ak Lekol Etid Powfesyonel.

The State University of New York (SUNY) gen 64 enstisyoun man Etat New York, ansamn ak 10 sart invéste ak enstisyoun ak bay Doktora; 13 kólef invéste, 8 kólef teknologi ak 30 kólef komunité.

Konséy pou Kólef endependan ak invéste yo gen yon lis 108 kólef ak invéste privée nan Etat New York.

Answit, gen 439 lot kólef ak invéste nan région Nodés Connnecticut (46), Maine (30), Massachusetts (13), New Hampshire (20), New Jersey (44), Pennsylvania (130), Rhode Island (3), ak Vermont (23). Départman Edikasyon Etazini konte 4,626 kólef ak invéste nan Etazini.

KOLEJ KI NAN ETA NEW YORK YO AK PI LWEN

FASON POUL API LIKE NAN KOLÈ- I ETAP-PA-ETAP

- 1** Rankontre avèk konseye pedagojik lekòl segondè a lè ou nan klas 9yèm ane pou diskite sou preparasyon ou pou kolèj epi answit rankontre avèk li souvan.
  - 2** Pran SAT oswa ACT epi fè tout sa ou kapab ladan yo.
  - 3** Jwenn kolèj/inivèsite ki satisfè objektif ou yo.
  - 4** Jwenn 2-3 lèt rekòmandasyon nan men konseye lekòl la.
  - 5** Mande pou yo prepare kopi ofisyèl nòt ou yo ak nòt tès ou yo pou yo voye yo ba ou. (Si dosye lekòl ou pa nan lang Anglè, jwenn tradiksyon sètifye diplòm ak relvednòt ou.)
  - 6** Asire ou konnen sa chak kolèj egzije pou aplike ak sa dat limit yo ye.
  - 7** Sou aplikasyon ou, mete enfòmasyon ki obligatwa yo, non ou, adres ou, imèl ou, kondisyon sitwayènt ou/kondisyon viza ou, enfòmasyon sou fanmi ou, seksyon ki pa obligatwa ki mande idantite etnik ou, eta sivil ak lòt enfòmasyon pèsonèl ki kapab ede ou si ou se yon etidyan entènasyonal ak/oswa minorite etnik ou, done sou edikasyon ou, lekòl segondè ou ale, non konseye ou, enfòmasyon kontak ou, lekòl ou te yen anvan yo ak kou kolèj ou te pran yo, nòt ou te resevwa pou egzamen SAT ak/oswa ACT (epitou asire kolèj yo/inivèsite yo resevwa nòt egzamen ofisyèl ou nan ajans egzamen yo).
  - 8** Bay enfòmasyon sou siksè ou yo nan lekòl segondè: onè akademik, aktivite ki pa nan pwogram akademik lan, aktivite sèvis volontè ak reyalizasyon inik ou yo. Ekri sou pwogram oswa klas siplemantè ou te pran yo ak sou djòb ou te genyen yo pou montre jan ou serye ak jan ou vle travay di.
  - 9** Souvan kolèj yo ap egzije de esè oswa "deklarasyon pèsonèl"— youn kout ak youn ki pi long. Aplikasyon Komen an egzije yon esè 150 mo oswa mwens sou youn nan aktivite ki pa nan pwogram akademik lan ak youn ki gen 250-500 mo. Esè ki pi long lan ka mande pou ou ekri sou yon moun ki te gen yon enflyans enpòtan sou ou, yon evènman pèsonèl enpòtan, yon evènman lokal, nasyonal oswa global oswa ki kalite pèsonèl ou genyen pou ajoute nan divèsite kolèj la. Pratike ekri esè sa yo avèk enstriktè redaksyon pou prezante tèt ou nan pi bon limyè a.
  - 10** Yon entèvyou pou admision elèv ka obligatwa.
  - 11** Sitou asire ou ensiste sou bilengwis ou ak eksperyans ou te genyen yo ki fè ou kalifie.

FASION POU CHWAZI KOLEJ KI BON POU OU

FASON POI PEYE POI EDIKASYON OU NAN KOI ÈL

Depatman Edikasyon Etazini bay yon rekonpans apeprè \$150 milya dola chak ane nan sibvansyon lajan pou travay-étid ak prè ki gen enterè ba pou plis pase 15 milyon elèv.

**Sous federal ak sous leta** – lajan an disponib pou elèv yo nan gouvènman federal la. Elèv yo/fanmi yo dwe ranpli FAFSA pou montre bezwen finansye yo.

**Enstitusyonèl (Kolèj)** – chak kolèj gen aplikasyon pa li pou bousdetid pou lajan yo bay nan lekòl. Yo ka bay rekonpans lajan dapre siksè akademik, talan (atletlik, mizik), karakteristik inik elèv yo, elatriye.

**Bousdetid Prive** – gen anpil milye bousdetid prive toupatou nan peyi a. Yo bay bousdetid yo pou anpil kalite karakteristik anplis pou merit datre bezwen oswa merit akademik. Chèche bousdetid pou etidyan entenasyonal oswa etidyan ki pale löt lang yo.

Pri pou ale nan kolèj ap afekte kolèj kote w ap aplike yo. Sonje pou poze kesyon ki kòrèk.

- Kisa m ap peye? Kisa pri final mwen ye?
  - Kijan m ap peye? Èske diplòm mwen an ap ban mwen ase opòtinite pou mwen ranbouse dèt mwen?
  - Èske mwen kalifye pou resevwa bousdetid oswa sibvansyon?
  - Èske mwen kalifye pou èd federal elèv?
  - Ki pou santaj elèv ki diplome oswa ki fini pou enstitisyon an?
  - Èske m ap kapab ranbouse dèt mwen?



Yo devlope dokiman sa a nan The Bronx Institute at Lehman College of The City University of New York sou non Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal



oun. Chiif sa yo ka ogmante le kandida a pale de lang. an ampli rezon pou chawzi edikasyon nan koléj kom yon jefektif. Tablo sa a montre valie chak diplòm pandan lavi yon

GEN YON OBJEKTIE



**YON GID POU AKSÈ NAN KOLÈJ POU ELÈV K AP APRANN  
LANG ANGLÈ/ELÈV KI PALE PLIZYÈ LANG NAN ETA NEW YORK**

# PLAN AKSYON

# POU KOLEJ

**YON GID AKSÈ NAN KOLEJ POU  
ELEV K AP APRANN LANG ANGLÈ./  
ELEV KI PALE PLIZYÈ LANG NAN  
ETA NEW YORK.**

| YON TI KOUTJE SOU EDIKASYON NAN LEKÒL SEGONDÈ   |                                     |
|---|-------------------------------------|
| Kou sa yo se kou minimòm ou dwe pran nan moman an nan lekòl segondè pou diplome nan Eta New York: |                                     |
| 4 kredi Anglè   | 3 Kredi Syans                       |
| 4 kredi Syans Sosyal  | • 1 nan Syans Lavi                  |
| • 2 nan Istwa Jeneral   | • 1 nan Syans Fizik                 |
| • 1 nan Istwa Etazini   | • 1 nan Syans Lavi oswa Syans Fizik |
| • .5 nan Gouvènman  | 1 kredi Boza teyatral, Mizik,       |
| • .5 nan Ekonomi  | Dans ak/oswa Teyat                  |
| 3 kredi nan Matematik   | 2 kredi Edikasyon Fizik             |
| 1 kredi nan Lang ki pa  | .5 kredi Sante                      |
| Anglè (LOTE)  | 3.5 kredi nan Kou ki pa Obligatwa   |

## VOKABILÈ

Aktivite ki pa nan pwogram akademik lan: Aktivite ki pa nan pwogram akademik lan deyò klas regilye yo:

**Plasman Avanse (AP):** Yon pwogram ki ba ou kredi kolèj nan lekòl segondè.

**PSAT:** Egzamen Egyalyasyon Lekòl Preliminè ap prepare ou pou SAT.

**Estaj:** Yon pwogram ki bay eksperians pou moun ki kòmanse yon djòb oswa yon karyè.

**Akimilasyon Kredi:** Pwogrè ou fè pou kantite kredi ou bezwen pou diplome nan lekòl segondè.

**Fwa Kolèj:** Yon aktivite kote diferan kolèj voye representant yo pou bay enfòmasyon sou lekòl yo.

**NMSQT:** Tès Kalifikasyon pou Bousdetid Nasyonal selon Merit detèmine kijan ou kalifye pou bousdetid kolèj.

**SAT:** Tès Egyalyasyon Lekòl evalye alfabetizasyon, redaksyon ak solisyon pwoblèm pou detèmine kijan w ap travay nan kolèj. Kolèj yo itilize SAT pou jije si pou yo aksepte ou oswa si pou yo pa aksepte ou nan lekòl yo.

**ACT:** Egzamen Tès Kolèj Ameriken evalye konpetans ou pou travay byen nan kolèj nan Anglè, matematik, lekti ak syans. Kolèj yo itilize ACT pou yo jije si pou yo aksepte ou oswa si pou yo pa aksepte ou nan lekòl yo.

**PLAN:** ACT Preliminè prepare ou pou ACT.

**EOP/HEOP:** pwogram Opòtinite Edikasyon/Pwogram Opòtinite Edikasyon Siperyè bay sèvis sipo ak èd finansye pou elev k ap viv nan Eta New York.

**Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elev (FAFSA):** FAFSA se yon fòm ki sèvi pou aplike pou èd finansye elev nan gouvènman federal ak gouvènman leta ak piò kolèj ak inivèsite yo. Gouvènman an itilize enfòmasyon nan FAFSA pou detèmine kotizasyon fanmi prevwa pou bay (EFC). Ou kapab aplike pou FAFSA sou sitwèb fafsa.ed.gov.

**Aplikasyon Komen:** Aplikasyon Komen se yon aplikasyon pou admisyon nan kolèj pou nenpòt nan 517 kolèj manm yo.

**Pri Total:** Pri total oswa depans avèk lajan pòch se rezulta finansye depans yo pou kolèj. Se diferans ant frè pou prezans ak sibvansyon. Se kantite lajan ou dwe peye nan epay, revni ak prè pou peye depans pou kolèj.

## NIVO KLAS

### LEKÒL PRE-SEGONDÈ

- 6. • Fè tout sa ou kapab nan klas la, etidyé anpil, fè tout devwa yo, epi resewa bon nòt (A ak B).
- Devlope epi praktike bon abitid prezans.
- Devlope bon abitid etid epi amelyore konpetans ou nan ekri, koute, ak pale chak jou nan lang Anglè ak nan lank ou pale lakay ou.
- Pran klas ki difisil ak enteresan pou prepare pou lekòl segondè.
- Travay di pou vin maton nan lekòl ak nan egzamen ofisyèl yo. Si ou bezwen èd ale jwenn yon pwofesè, yon pwofesè patikilye oswa yon konseye epi mete plis tan ou bezwen. Antre nan yon gwoup etid pou vin yon pi bon élèv.
- Jwenn fason pou itilize lang ou pale lakay ou ak lang natifnatal ou pou konekte avèk nouvo enfòmasyon oswa vokabilè an Anglè.
- Kontakte pwofesè sailkla ou epi travay avèk li, pwofesè bileng ou, ak pwofesè ESOL ou pou kontinye amelyore Anglè ou ak lang ou pale lakay ou.

### ELÈV PREMYE ANE/ELÈV DEZYÈM ANE LEKÒL SEGONDÈ

- 9. • Travay avèk konseye lekòl ou ak pwofesè ou yo pou revize pwogrè akademik ou epitou chèche jwenn èd siplemantè ou bezwen an (idantifye yon pwofesè patikilye, oswa jwenn yon pwogram apre-lekòl pou ba ou sipo akademik).
- Revize plan kou pou katran ou epi chwazi klas ou bezwen pran yo pou ane k ap vini an. Chèche enfòmasyon sou Plasman Avanse epitou fè plan pou aktivate vakans lete yo. Pran kou AP nan lang ou pale lakay ou si yo disponib.
- Prepare ou pou egzamen PSAT.
- 10. • Rankontre avèk konseye lekòl ou pou revize akimilasyon kredi ou, nòt ou yo, ak nòt ou fè nan egzamen Regents pou asire ou satisfè kondisyon pou diplome yon sèl fwa nan lekòl segondè epitou pou yo aksepte ou nan kolèj.
- Prepare ou pou SAT depi ou pran PSAT.
- Pran opòtinite pou devlope lang ou pale lakay ou pou travay pou reyalize So Bi-Alfabetizasyon.
- Diskite sou diferan chemen pou diplome avèk konseye ou.

### ELÈV PREMYE ANE/DENYE ANE LEKÒL SEGONDÈ

- 11. • Enskei pou PSAT/NMSQT epi pran kou yo. Rankontre avèk konseye lekòl ou pou diskite sou nòt PSAT/NMSQT ou yo.
- Chèche konnen si yo ofri PLAN ak ACT nan lekòl ou.
- Prepare pou egzamen Regents janvye ou.
- Jwenn yon kou preparasyon SAT y ap bay nan mwa janvye oswa fevriye, epi enskri ou ladan. Planifye pou pran SAT nan mwa me oswa jwen.
- Si ou enskei nan kou AP yo kontinye prepare ou pou egzamen k ap fèt yo nan mwa me.
- Si ou planifye pou pran SAT nan mwa me, rankontre avèk konseye lekòl ou konsènan enskripsyon an.
- Pran egzamen antre kolèj tankou SAT, egzamen matyè debaz SAT ak/oswa ACT.

- 12. • Rankontre souvan avèk konseye lekòl ou pou asire ou gen klas ki nesesè yo pou diplome.
- Pran SAT oswa ACT yon dezyèm fwa.
- Ogmante vokabilè ou depi ou itilize lang ou pale lakay ou pou etidyé mo rasin yo (espésyalman nan lang woman yo).
- Travay avèk pwofesè ESOL ou yo pou rafine esè kolèj ou. Nan esè ou, souliyen pwen fò ou yo, epi montre rezon pou alfabetizasyon oswa multi-alfabetizasyon ou, pèsistans ak detèminasyon ou, konpetans pou metrise defi yo ak konpetans pou vin dirajan.



## TRAVAY AKADEMİK AK TRAVAY KI PA NAN PWOGRAM AKADEMİK LAN

## PREPARASYON POU KOLEJ

- Reflechi sou opòtinite karyè pou avni ou.
- Konsève yon dosye dokiman enpòtan ak nòt (kopi bilten yo, lis rekonpans ak onè, lis aktivate volontè yo, travay peye, elatriye).
- Pale avèk fanmi ou ak moun ki nan lekòl la pou ede yo konprann objektif ak anbisyon ou yo.
- Chèche jwenn èd paran ou, responsab legal ou oswa konseye lekòl ou pou chèche lekòl segondè oswa pwogram espesyal ki konsantre sou domèn enterè ou oswa lekòl ou pi pito yo.
- Chèche enfòmasyon avèk paran/responsab legal ou sou pri kolèj ak sou fason pou finanse edikasyon ou.
- Antre nan aktivate lekòl oswa nan aktivate ki base nan kominote pou ogmante enterè ou yo epitou pou konekte avèk nouvo moun.
- Chèche avèk paran ou bousdetid ak diferan èd finansye ki disponib.

- Mande konseye lekòl ou oswa pwofesè ou yo ki aktivate rechèch karyè ki disponib nan lekòl la. Mande yo kijan ou kapab fè yon enterè ou genyen depi lontan antre nan chemen ou nan lekòl segondè, kolèj ak nan yon karyè.
- Fè moun yo konnen ou entere travay, fè sèvis volontè epi antre nan pwogram akademik apre-lekòl, sesyon enfòmasyon pandan vakans lete, ak boza, syans oswa kan pwogramasyon.
- Patisipe nan kou ak sesyon enfòmasyon pou préparasyon nan kolèj.

- Fè rechèch nan bibliyotèk la ak sou entènèt sou Kolèj ak karyè ki enterese ou.
- Ale nan fwa ak vizit lib nan kolèj yo avèk paran ou yo. Jwenn pwogram kolèj tankou klèb pou élèv lekòl segondè yo.
- Pale avèk élèv ki nan kolèj nan moman an, gwoup pwofesè yo ak konseye kolèj yo pou aprann lavi nan kolèj

- Aprann èd finansye epi patisipe nan yon sesyon enfòmasyon sou èd finansye avèk paran ou yo.
- Pale avèk konseye lekòl ou sou bousdetid.
- Patisipe nan fwa kolèj yo epitou kontinye chèche chwa pou kolèj ak karyè. Chèche kolèj nan Eta New York ki ofri rediksyon nan peman pou kou patikilye pou moun k ap viv nan Etat New York.
- Vizite kék kolèj ki enterese ou epi eseye idantifye si ou ta vin ekselan nan yon pi piti oswa pi gwo kolèj.
- Sonje pou rilaks ou pou ou kapab reyalize tout sa ou kapab. Devlope yon plan epi ritme tèt ou pou plan an kapab pi efikas epi pou redui estrès.

- Kreye yon kalandriye pou swiv dat enpòtan yo ak dat limit yo pou aplikasyon nan kolèj, èd finansye, ak bousdetid.
- Kenbe enfòmasyon kolèj yo ansanm nan yon katab.
- Enskei pou SAT ou, matyè debaz SAT ou, egzamen ACT ou.
- Revize lis aplikasyon kolèj ou epi kòmanse ranpli aplikasyon yo.
- Poze konseye lekòl ou keson sou desizyon bonè/akson bonè.
- Fè yo ba ou de oswa twa lèt rekòmandasyon.
- Ekri premje vèsyon esè ou yo pou aplikasyon pou kolèj ak bousdetid.
- Mande konseye lekòl ou si ou kalifye pou sipò EOP/HEOP.